

**WERNANE BASA SLANG PANJAK ING KECAMATAN NGANJUK
KABUPATEN NGANJUK
(Tintingan Sociolinguistik)**

SKRIPSI



Dening:

SRI HAPSARI PURWANTI
072114036

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
2014**

PASARUJUKAN

Asil panliten dening :

Nama : Sri Hapsari Purwanti

NIM : 072114036

Irah-irahan : Wernane Basa Slang Panjak ing Kecamatan
Nganjuk Kabupaten Nganjuk
(Tintingan Sociolinguistik)

Skripsi iki wis disarujuki lan murwat kanggo ujian.

Surabaya, Februari 2014
Pembimbing,

Prof. Dr. Ujang Pairin M. Basir, M.Pd.
NIP 19576101984031003

**WERNANE BASA SLANG PANJAK ING KECAMATAN NGANJUK
KABUPATEN NGANJUK
(Tintingan Sosiolinguistik)**

Sri Hapsari Purwanti
ABSTRAK

Analisis tumrap sawijining kajian sosiolinguistik wus asring ditindhakake ing panliten sadurunge. wernane basa slang panjak ing kecamatan nganjuk kabupaten nganjuk kalebu sawijining panliten kang nggunakake kajian sosiolinguistik, awit duweni gegayutan karo kahanan masyarakat. Bab kang njalari nliti perkara iki yaiku kaanan kang sinandhang dening basa Panjak mligine ing wewengkon Nganjuk. Basa iki bisa kagolongake *slang*. Basa Panjak iki prelu antuk kawigaten sacukupe, awit durung akeh pamarsudi kang nganakake panliten ngenani basa iki. Objek panliten iki yaiku “wernane basa Panjak”. Panliten iki ngrembug babagan kepriye wujud basa slang panjak kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk? Kepriye pola pambangune basa slang panjak kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk? Apa bae tema kang kinandhut ing komunikasi basa slangpanjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk?

Basa ora bakal ngrembaka tanpa campur tangane tanpa manungsa. Basa minangka ungkapan pikiran lan perasaan. Umume basa bisa nyingkap kanthi gamblang lan langsung apa kang tuwuh sajroning batine manungsa. Ing saben waktu manungsa nganakake kagiatan kang diarani komunikasi kang ditindakake ing antarane mawa basa, amarga basa minangka sarana komunikasi kang utama. Kartomiharjo (1987:7) ngandharake ing saben langkah lan saben ambegane mangungsa mesti nggunakake basa kang maneka warna kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Basa minangka sistem komunikasi, duweni makna kang mung ana sajrone kabudayan ing kene minangka wadhahe (Nababan,1986:51). Saking rakete gegayutan basa marang kabudayan lan wadhahe, saingga ndadekake rasa angel kanggo negesake tembung-tembung saka basa siji menyang liyane. Kabudayan kang dikarepake yaiku sakabehing sistem saka pakulinan-pakulinan lan cara-cara urip pasrawungan, lan makarya ing sawijining kelompok.

Panliten iki sipate *deskriptif*. Dhata kang ana ing panliten iki dijupuk dening panliti ing *lapangan* yaiku sing diucapake dening para panjak ing wewengkon Nganjuk, banjur ditulis tangan iki klebu dhata *primer* lan ora ana dhata *sekunder* sing dijupuk saka buku, kamus, jurnal, makalah, karya ilmiah, lan sapanunggale sing gegayutan karo punjere panliten. Sumber dhatane yaiku sumber *substantif* lan sumber *lokasional*. Tata cara nglumpukake dhata nganggo metode lan teknik *observasi*, *wawancara* lan *nyatet*. Tata cara ngandharake nganggo metode *konteks* lan *teks*, dene njlentrehake dhata kanthi cara *deskriptif*. Pungkasane, kanggo nglapurake asile panliten kagunakake metodhe informal, kanthi cara migunakake tetembungan biasa lan formal kang ateges migunakake uga lambang-lambang lan simbol.

Adhedhasar andharan bisa kadudut: ***Sepisan***, wujud basane kaperang dadi 5 (lima), yaiku: (1) Wujud Tembung Wacahan, (2) Wujud Tembung Plutan, (3) Wujud Wangsalan/Cangkriman?, (4) Wujud Singkatan, lan (5) Gabungan Maneka Warna Proses Pambangune Tembung. ***Kapindho***, ngenani pambangune wanda kaprinci dadi: Puncak Suku; Puncak Suku + Koda Suku; Tumpu Suku + Puncak Suku; Tumpu Suku + Puncak Suku + Koda Suku; Puncak Suku + Koda Suku + Puncak Suku; Ora Cetha Polane; lan Satembung Sapola. ***Katelu***, miturut ragam basa kang kagunakake, kaprinci dadi 2 (loro) yaiku ngenani: (1) Alih Kodhe lan (2) Campur Kodhe.

Tembung wigati: wujud basa, slang, lan panjak

BAB I PURWAKA

Sajrone masyarakat mligine daerah Jawa Timur lan Jawa Tengah nduweni kesenian tradisional arupa seni karawitan. Seni karawitan umume digunakake kanggo ngiringi kesenian liyane kayata seni tari (tradisional), kethoprak, ludrug, wayang lan sapanunggalane. Wong kang pakaryane nabuh gamelan diarani panjak lan nduweni dasanama wiyaga utawa pangrawit. Pamentasan-pamentasan kaya kang wis kasebut ing dhuwur ora bakal kasil tanpa anane panjak kang nabuh gamelan-gamelan kasebut. Nanging, emane ngenani panjak mung sathithik kang wis dimangerteni dening masyarakat.

Mung sethithik wong kang isih gelem nguri-uri budaya Jawa kanthi sinau gamelan lan karawitan kaya panjak. Sabanjure panjak uga nduweni ruang pribadi kang nuwuhake rasa raket ing antarane. Saka pakumpulan iku banjur tuwuh basa-basa anyar kang asipat nylenah (beda) lan mung bisa dimangerteni ing kalangan panjak papan kasebut.

Basa slang kang tuwuh ing kalangan panjak kasebut sejatine minangka basa partai kang nduweni masa utawa anggota kang cacahé mung sethithik. Kaya umume basa sandi liyane, basa iki nduweni tujuan supaya pacelathon kang diomongake asipat rahasia, ora bisa dimangerteni wong sanjabane partai kasebut. Amarga anggota partai kasebut akeh-akeh nduweni pakaryan dodol sepedha, mula basa iki banjur ngrembaka ing kalangan Persatuan Dagang Sepedha (PDS) kang ana ing pasar sepedha Kabupaten Nganjuk. Bakul sepedha saka PDS nduweni pakaryan liya kejaba bakul sepedha. Saperangan saka bakul sepedha kae mau nduweni pakaryan minangka panjak.

Saka kuwi basa sandi iki luwih ngrembaka ing kalangan panjak mligine Nganjuk.

Tumrape manungsa kang urip ing alam donya kuwi mbutuhake siji lan sijine, malah ana kang ngarani Manawa manungsa kuwi ora bakal bias urip dhewe tanpa srawung marang liyan. Pasrawungan kasebut bias kalakoni kanthi maneka warna, nanging kang paling utama yaiku pasrawungan minangka komunikasi kang nggunakake basa media ing pasrawungan kasebut. Basa ing kene minangka sarana kanggo nggayutake lan rerewangan marang liyan. Saka basa manungsa bisa nuduhake ide, pamikiran, lan uneg-uneg kang dirasakake marang wong liya ing pasrawungan iku. Babagan kang kaya mangkono bisa kasawang ing pasabandinane ing papan sakiwatengen kayata sajrone pasar, *kantor*, *rumah sakit*, sekolah lan papan liyane kang nggunakake basa. Tanpa basa manungsa bakal kangelan nglakoni pasrawungan marang liyan.

Basa yaiku salah sawijine ciri pambeda kang utama manungsa saka makhluk liyane kang ana ing donya iki. Basa uga nduweni *fungsi* kang wigati tumrap ing manungsa, utamane *fungsi komunikatif*. Ronald Wardhaugh (sajrone Hidayat, 2006:2) ngandharake *bahasa adalah suatu system simbol-simbol bunyi yang arbitrer yang digunakan untuk berkomunikasi manusia*.

Sejatine anane variasi basa slang kang tuwuh sajrone kelompok masyarakat tartamtutu kang nduweni daya panarik kanggo di sinauni kanthi cermat lan jeru. Basa slang kang digunakake sakelompok masyarakat mligine ana kalangan panjak wayang ing Kecamatan Nganjuk iki nuduhake sawijine komunikasi kang katon nyata. Basa iki asipat rahasia lan mung bisa dimangerteni ing kalangan panjak wae. Nanging bedane karo basa liyane basa kang digunakake ing kalangan panjak iki

nduweni sipat gegojegan antarane panjak. Dadi, saumpama kasil dimangerteni wong sanjabane panjak ora nuwuhake bebaya kang gedhe. Sejatine basa iki ora beda adoh saka basa gaul kang tuwuh ing kalangan liyane, padha-padha duwe titikan kang seje saka bas amasyarakat sabaene. Basa panjak iki tuwuh lan digunakake dening sakelompok masyarakat kang asipat nylenah tumrap masyarakat liya sanjabane. Tuladha basa slang ing kalangane panjak kecamatan Nganjuk kabupaten nganjuk yaiku: “*sawetku mbules, gung ndamang ket esuk, tak nyang nggondhang sik ya?*”. Teges ukara ing dhuwur iku yaiku: “*wetengku lesu, gung mangan ket esuk, tak nyang warung sik ya?*”. tembung *sawet* = weteng, *mbules* = lesu (luwe), *ndamang* = mangan, *dene nggondhang* = warung (Gondhang gowar) karebe desa gowar kecamatan Gondhang.

Kang narik kawigaten panulis ing kene yaiku anane basa kang mung dijupuk saperangan, kang ing kene asipat blaka lan ora blaka. Fenomena-fenomena kaya mangkene sejatine isih akeh banget dumadi ana sakiwa tengene dhewe, nanging durung akeh pamarсуди kang nganakake panliten ngenani basa iki. Mula saka iku, panulis banjur ngenekake panliten babagan wernane basa slang panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk.

BAB II TINTINGAN PUSTAKA

Kajian pustaka penting banget sajroning panaliten. Wondene kajian pustaka kang dirasa penting ana sajrone panliten kanthi irah-irahan “Wernane Bahasa Slang Panjak Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk” iki yaiku:

2.1 Basa

Basa ora bakal ngrembaka tanpa manungsa. Basa minangka ungkapan pikiran lan perasaan. Umume basa bisa

nyingkap kanthi gamblang lan langsung apa kang tuwuh sajroning batine manungsa. Ing saben waktu manungsa nganakake kagiatan kang diarani komunikasi kang ditindakake ing antarane mawa basa, amarga basa minangka sarana komunikasi kang utama. Sumarsono (2004:18) ngandharake menawa basa yaiku piranti manungsa kanggo *ekspresi* pikiran lan pangrasane, yaiku kanggo alat pergaulan antarane manungsa.

Pateda (1990:4) ngandharake menawa basa minangka piranti sing paling ampuh lan bisa nyengkuyung antar warga kanggo komunikasi. Kanthi nggunakake basa, cecaturan bisa mlaku lan pawarta kang disampekake bisa ditampa kanthi apik. Kartomiharjo (1987:7) ngandharake yen ing saben jangkah lan ambegan manungsa kuwi mesthi nggunakake basa kang maneka warna bentuke kanggo nyukupi kenutuhane. Saben daerah duweni sipat basa kang beda. Basa uga bisa ngalami owah-owahan lan ngrembaka manut pangrembakane masyarakat. Sajrone masyarakat basa, ora ana satunggale pamicara kang nggunakake saragam basa usajrone pacelathone, nanging ing kene uga bisa tuwuh rena-reana variasi basa saka panganggo basa kasebut. Saliyane kuwi, poedjosoedarmo (2003:167-169) ngandharake paedahing basa yaiku kanggo sasrawungan, kanggo takon pitakon, kanggo nuduhake samubarang (pawarta), kanggo mangsuli, kanggo ngongkon, kanggo menging, kanggo nulak, lan kanggo basa penjaluk.

Saka andharan-andharan kasebut, bisa didudut yen basa yaiku piranti sing digunakake manungsa kanggo *komunikasi*, ngungkapake pangrasa lan pamikiran marang manungsa liya. Basa uga nduweni paedah *sosial* lan *kultural* kang bisa medharake *taraf* urip lan derajat manungsa.

2.3 Kajian Sosiolinguistik

Sosiolinguistik iku cabang ilmu kang nengenake kalungguhan basa kang

gegayutan karo panggone basa sajrone masyarakat. Tegese ing sosiolinguistik iki basa kang wiwitan yaiku minangka sistem sosial lan sistem komunikasi, sarta minangka bageyan saka masyarakat lan kabudayan tartamtu (suwito, 1985:2). Istilah sosiolinguistik nduweni pirang-pirang pamikiran lan konsep kang beda. Basir (2002:7) ngandharake yen sosiolinguistik iku minangka cabang ilmu basa kang gegayutan karo fenomena masyarakat minangka sawijine lembaga sosial. Dene Sumarsono (2009:1) ngandharake yen sosiolinguistik yaiku kajian ngenani basa kang gegayutan karo kahanan kemasyarakatan (disinauni dening ilmu-ilmu sosial khususse ilmu sosiologi).

2.4 Wernane Basa

Masyarakat ing Donya iki kadhapuk saka pirang-pirang kelompok. Pambeda saka saben kelompok iku dijajari saka saperangan perkara, kaya panggulawentah, *sosial, ekonomi, profesi*, kalungguhan lan sapiturute. Kakhurusan sajoning kelompok siji lan sijine biyasane katenger saka anane *variasi* (rupa) basa yang digunakake ana sawijining paguyuban dening panganggone.

Tembung *variasi* lan warna sejatine duweni teges kang padha, nanging umume pamarsudi luwih seneng nggunakake tembung ragam (wana). Tembung wana luwih sering digawe amarga tembung iki ora nyarujuki pangerten yen warna siji ora luwih apik utawa ala saka warna sijine.

Chaer (2004:62) merang werna basa adhedhasar panutur lan panganggone. Adhedhasar panutur ateges sapa kang nggunakake basa iku, ana ing ngendi dununge, kepriye kalungguhane ing masyarakat, apa jinis kelamine lan kapan basa iku digunakake. Banjur yen adhedhasar panggone ateges basa iku digunakake kanggo apa, ing bab apa, apa jalur lan pirantine, lan kepriye kahanan *formulane*.

Saka panemu-panemu ing ndhuwur bisa kadudut menawa, werna basa kang kapisan dibedakake saka panutu lan panganggo basa iku. Yen katitik saka panutur, tegese sapa kang nagnggo basa iku, ning ngendi papan panggonane, kepriye kalungguhan sosial saka masyarakat, lanang apa wadon, lan kapan basa iku digawe. Yen saka panganggone, tegese kanggo basa iku digawe, ing papan apa, lan kepriye kahanan adicara basa iku digunakake.

Fungsi Werna Basa Sajone Masyarakat

Fungsi basa minangka saran komunikasi mung salah siji saka saperangan fungsi basa liyane. Kaya kang wis diandharake Keraf(1980:3) basa yen dideleng saka dhasar lan lelandhesan pangrembakane bisa duweni fungsi minangka : (1)sarana nyatakake ekspresi diri, (2)sarana kanggo komunikasi,(3) sarana kanggo ngenekake rembukan (integrasi),(4) sarana kanggo ngenekake kontrol sosial.

Basa duweni fungsi kanggo nyatakake nuduhake sakabehing kang tuwuh sajoning pikirane manungsa iku, tuladhane nyatake rasa cuwa, wedi, nesu, seneng, kabeh mau bisa dideleng saka basa kang diunekake dening panganggo basa iku kanthi cara kang bedha-bedha. Ekspresi bentuk lisan, bisa kadeleng saka *mimik, lagu, intonasi* trumprap sakabehing rasa kang dirasakake dening panutur tumrap mitra tutur (wong kang dijak cecaturan).

Komunikasi minangka akibat kang luwih jeru saka *ekspresi diri, komunikasi ora bisa sampurna* yen *ekspresi diri* iku mau ora bisa katrima lan dimangerteni dening wong liya kang dijak cecaturan iku mau. Kanthi cecaturan awake dhewe bisa ngungkapake sakabehing rasa lan uneg-uneg, pikiran marang wong liya. Kanthi komunikasi kita uga bisa nyinauni ngemu apa kang wis diwarisake dening leluhure awake dhewe, lan uga apa kang wis digayuh

dening wong-wong kang sajaman karo awake dhewe.

Basa saliyané minangka sawijining kabudayan uga bisa nuwuhake pamikiran manungsa kanggo *manfaatake* pengalaman-pengalamane, nyinanuni lan njupuk peranan saka pengalaman iku uga guyub lan srawung marang liyan. Basa minangka saran komunikasi luwih mungkin saben manungsa rumangsa katali marang sekelompok sosial kang dileboni, uga kalebu kelompok sosial ing kalangane panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk. Ing kene basa kasebut digunakake kanggo nginggati anane padudon sajroning masyarakat kasebut, lan uga bisa nuwuhake integrasi (paguyuban) kang sempurna tumrap saben individu sajoning masyarakat kasebut.

2.5 Dwibasa

Dwibasa utawa ing tetembungan basa Inggris diarani bilingual yaiku prakara kang nggayutake marang panggoné rong basa utawa kode basa (Chaer, 2004:84). Dene nababan ngandharake yen bilingual yaiku pakulinane para masyarakat kang nggunakake rong basa nalika cecaturan marang liyan. Panemu liya, Hougen dan Anwar S.Dil (1972) (ing Basir, 2010:24) ngandharake yen syarat dwibasa kuwi ora perlu kudu bisa nganggo rong basa, nanging mung nganggo kawruhe dhewe ngenani basa-basa kang dikarepake.

- 3 Dwibasa iki kaperang dadi 5, yaiku (1) tingkat dwibasa, (2) paedahe dwibasa, (3) proses alih dwibasa, (4) model *interferensi*, lan (5) sipat dwibasa (Mackey ing Basir, 2010:25).
- 4 Saka andharan kasebut bisa didudut manawa dwibasa yaiku proses caturaning masyarakat kang nggunakake sabasa utawa luwih. Anane dwibasa iku mau banjur nuwuhake *alih* kode (*code switching*) lan campur kode (*code mixing*).

4.3 Alih Kode

Kaya kang kaandharake sadurunge manawa alih kode lan campur kode iku kedadeyan saka anane masyarakat bilingual. Bilingual yaiku prakara kang nggayutake marang panganggoné rong basa utawa rong kode basa (Chaer: 2004:84). Dene Alih kode (*code switching*) adhedhasar minangka prastawa peralihan panganggoné sawijine kode menyang kode liyané (Chaer, 2000:29). Kode iku dhewe duweni gegayutan karo ragam, tegesé wong menéhi kode marang wong liyané ana gegayutan cepeté swara, swara kang banter, Pateda (1987:83).

Chaer lan Agustina (2004:107) ngandharake yen alih kode yaiku kedadeyan pindhahing basa utawa owahing basa saka *ragam* santai dadi *ragam* resmi utawa suwalike. Apple (ing Basir, 2010:76) ngandharake alih kode yaiku panganggoné rong basa utawa kodekang dumadi amarga anane kahanan cecaturan kang owah kanthi kawatesan *klausa* utawa ukara. Basir (2010:76) ngandharake yen alih kode ora mung owahé basa siji ing basa liyané, nanging uga amarga saka *ragam*, *antardialek*, lan uga antar basa.

Saka andharan kasebut bisa didudut yen alih kode yaiku sawenehing kahanan kang ngandharake anane owah-owahan basa kalebu *varian* antar *ragam*. Dene wujud-wujud alih kode yaiku: (1) kode basa Jawa, (2) kode basa Indonesia, (3) kode basa asing, (4) *tingkat* tutur, lan (5) *ragam* basa.

Suwito (1985) merang alih kode dadi loro, yaiku alih kode *intern* lan alih kode *ekstern*. Alih kode *intern* yaiku alih kode kang kedadean ing basa daerah ing sawijining basa nasional, utawa antara dialek-dialek ing sawijining basa daerah, utawa antarane ragam lan gaya kang ana sajroné dialek kasebut. Kayata basa Indonesia ing Jawa lan suwalike. Dene alih kode *ekstern* yaiku alih kode kang kedadean saka basa asli menyang basa asing.

4.4 Campur kode

Saliyane alih kode, ing masyarakat *bilingual* uga ana campur kode. Alih kode lan campur kode iku duweni gegambaran kang duweni gegayutan antara siji lan liyane. Kachru lan Thelander (ing Basir, 2010:79) ngandharake yen campur kode yaiku *proses* panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake *unsur-unsur* basa siji menyang liyane ing *saklausa* lan kanthi kawatesan tembung utawa gatra.

Tengere campur kode yaiku anane kahanan *informal*, nanging ing kahanan formal uga ana panggonan kanggo campur kode sanajan sithik. Campur kode ing kahanan kang mangkono kuwi disebabake amarga ora anane tetembungan utawa ukara sing katon digawe, saengga kudu nggunakake tetembungan utawa ukara saka basa liya utawa manca.

Basir (2002:64) ngandharake yen campur kode iku nduweni tujuan ing antarane, (1) penginnuduhake unsur *prestise* utawa nuduhake minangka wong kang kawruhe dhuwur, (2) nuduhake yen panutur iku pinter ing babagan basa.

Campur kode iku bisa nduweni sipat negatif nanging uga bisa nduweni sipat positif. Basir (2010:79) merang campur miturut aspek nilai sumbangan (kontribusine) dadi rong werna, yaiku (1) campur kode positif, (2) campur kode negatif. Campur kode positif yaiku wujud tetembungan saka basa liya amarga ora ana tetembungankang trep ing basane dhewe, tuladhane yaiku: *hanphone*, *flashdisk*, lan *monitor*. Dene campur kode negatif yaiku wujud basa kang digunakake arupa tetembungan saka basa liya kamangka ana tetembungan kang trep ing basane dhewe, tuladhane yaiku *gue* (aku), *out* (metu), *enter* (mlebu).

4.5 Slang

Basa minangka sarana komunikasi manungsa siji marang liyan terus ngalami pangrembakan saka saben wektu. Saliyane ngalami pangrembakan basa uga bisa ngalami pergesaran lan owah-owahan saka basa kang baku. Kahanan kaya mangkene iki dumadi ing basane panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk lan diwastani basa slang. Soeparno (2003:56) ngandharake slang mujudake wewangunan lan kasunyatan lageyaning basa kang sipate kusus lan rahasia. Asipat kusu tegese slang kuwi di gawe dening kelompok tartamtu lan kawates panganggone. Asipat rasia tegese supaya basa kang digawe ora bisa dimangerteni dening anggota kelompok liya. Supaya ragam slang kuwi angel dimangerteni, mula basa slang bakal owah amarga diowahi dening para kelompok pamicarane. Sakiyane kuwi, tetembungan ing ragam slang kuwi ngalami owah-owahan manut pangrembakane jaman. Dadi, slang kuwi asipat temporal uatawa sawetara wektu lan umume digunakake dening para remaja lan organisasi tartamtu

Kridalaksana (2001:201) ngandharake yen *slang* yaiku *ragam* basa ora resmi kang digunakake dening para reama utawa kelompok-kelompok sosial tertamtu kanggo sarana cecaturan sajrone kelompok, supaya anggota sanjabane kelompok ora bisa mangerteni bakuning cecaturan. Wujude slang yaiku tembung-tembung anyar kang ngalami owah-owahan, kaya dene basa prokema kang digunakake para remaja ing Jakarta taun 80-an.

Chaer lan leony (2004:67) ngandharake yen slang mujudake legyaning basa kang sipate kusus lan nduweni watesan panganggone sarta nduweni karep supaya bisa nyingidake bakuning cecaturan dening kelompok liya. Tuladhane yaiku basa prokem. Dene Rahardja (ing Chaer lan Leony, 2004:67) ngandharake yen prokem kuwi kalebu basa slang.

Wujud basa slang kuwi maneka warna, kaya basa prokem, basa walikan ing malang. Basa binan, basane para wandu, basa bakul

sepedhah, basa partai lan akeh maneh kang urip sajrone masyarakat.

Panliten ngenani basa slang iki yaiku nliti wernane basa slang panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk.

BAB III METODHE PANLITEN

Metode panliten yaiku sawijining tatacara utawa pendekatan kanggo nindhakake panliten adhedhasar tahap-tahap kang wus direncanakake lan bisa dipertanggungjawabake kanthi cara ilmiah. Kanggo kapentingan iku, ing babagan iki bakal dijlentrehake ngenani: (1) Rancangan Panliten, (2) Data lan sumber data, (3) Tara cara pangumpulane data, (4) Tata cara pangolahing data, (5) Penyajian analisis data.

Metode panliten yaiku minangka tahapan kang paling penting sajrone panliten, amarga metode panliten minangka sarana, *prosedur*, *teknik* kang dipilih sajroning nglaksanakake panliten utawa sajroning pangumpulan data Djajasudarma (1993:3). Panliten ngenani wernane basa slang panjak Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk iki nganggo metode *diskriptif*. Metode *deskriptif* yaiku metode kang duweni tujuwan nganggit *diskripsi*, maksudte ngandharake gambaran, lukisan kanthi cara *sistematis*, *faktual*, lan *akurat* ngenani data, sifat-sifat serta gegayutan *fenomena-fenomena* kang diteliti Djajasudarma (1993:8). Dene Sudaryanto (1992:62) ngandharake yen metode diskriptif mujudake panliten kang ditindakake adhedhasar apa anane utawa fenomena kang kalebu masalah empiris sajrone uripe pamicara, saengga apa wae kang diasilake lan kang wis dicatet arupa basa kuwi mau minangka sesawangan saka kahanan kang apa anane.

Wernane basa slang panjan kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk kang diteliti ora bisa owal saka konteks sosial, kahanan, lan kondisi, uga perilaku nalika ngundhuh datadilaksanakake. Tegese wernane basa kang dijaring minangka data kang arupa tembung-tembung lisan utawa tulis, iku kajupuk apa anane kanthi utuh lan ora dipethal-pethal marang konteks kang nalika iku nglingkupi.

Sabanjure hasil pengamatan iku kang bakal dideskripsikake minangka hasil panliten.

Mula saka kuwi, panliten ngenani werna basa slang panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk kanthi kajian sosiolinguistik iki nggunakake Diskriptif kanthi metode kualitatif kang duweni tujuan antuk panemu anyar.

Sumber data yaiku subjek kang bisa dientukake. Sumber data iki minangka sumber papan data kang dibutuhake panliti. Sumber data iki bisa nuwuhake sawijining bakal minangka *objek* panliten. Arikunto (2006:129) ngandharake menawa sumber data iku saka wong kang njawab pitakonan utawa responden, bisa arupa tulisa utawa pangucapan.

Ing panliten iki panliti nggunakake *konsep* asal data *alokasine*, yaiku *informan* panutur asli werna basa utawa variasi basa kang diteliti. Kang diarani *informan* ing kene yaiku sakelompok panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk.

Tata cara pangumpulane data iki diperang dadi loro yaiku : *Instrumen* panliten lan *teknik* pangumpulane data.

Instumen panliten yaiku piranti utawa cara kanggo njaring data kang dibutuhake ing panliten. Gegayutan saka sipat data lan jinis panliten, mula *instrumen* ing panliten iki dibedakake dadi rong jinis, yaiku *instrumen* utama lan *instrumen* panyengkuyung

Instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti minangka pawongan kang nggolek lan ngolah data. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki yaiku *tape recorder* kanggo ngrekam data pacetalon saka nara sumber awit anggone njaring data panliti nggunakake teknik *interview*, *laptop*, buku catetan, lan buku-buku ngenani *linguistik* mligine *sosiolinguistik* uga buku liyane kang bisa nyengkuyung panliten.

Instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti minangka pawongan kang nggolek lan ngolah data. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki yaiku *tape recorder* kanggo ngrekam data pacetalon saka nara sumber awit anggone njaring data panliti nggunakake teknik *interview*, *laptop*, buku catetan, lan buku-buku ngenani *linguistik* mligine *sosiolinguistik* uga buku liyane kang bisa nyengkuyung panliten.

catet.

Teknik sadap ditindakake kanthi nyadhap cecaturane para panjak nalika jagongan ing sawijining wektu tanpa diweruhi dening pamicara. Teknik pangumpulane data kanthi teknik sadap iki nduweni tujuwan supaya data kang diolehake apa anane tanpa ana *manipulasi*. Ing kene panliti kudu wasis anggone nyingitake piranti penyadap kang arupa *tep recorder* tanpa dimangerteni pamicara. Panliti bisa nyuwun tulung salah sawijining panjak kang bisa dipercaya kanggo ngrekap cecaturan tanpa dimangerti dening kanca-kancane.

Saliyane nggunakake teknik sadap, panliten iki uga nggunaake teknik rekam. Teknik Rekam ditindakake kanthi ngrekam tetembungan liyane kang uga kalebu slang ananing durung melu kajaring ing teknik sadap. Teknik rekam iki ditindakake kanthi nemoni salah sawijining panjak kecamatan Nganjuk kabupaten Nganjuk supaya

Sawijining cara yang digunakake dening panliti kanggo tujuwan ngolehake infomasi kanthi lisan satunggaling informan kanthi wawancara, adeb-adeban saka penakon menyang kang ditakoni. Teknik *interview* iki dilakoni kanthi cara ngrekam, nyimak, teknik ini digunakake kanggo ngumpulake data wernane basa slang panjak Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk.

Sajroning ngumpulake data, panliten iki migunakake metode simak. Miturut Sudaryanto,(1988:2), metode kasebut duweni tujuwan nyimak panggango basa. Kajaba iku, panganggone metode iku luwih cetha ing babagan sumber kang nyediakake data. Kanthi anane kawruh iku, panliten iki nyimak data adhedhasar wernane basa slang panjak kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk

Kanggo ngolah data struktural ngenani bab basa, mligine sajroning wernane basadilakoni kanthi cara : (1) Nganakake transkripsi saka bentuk basa lisan menyang basa tulisan. (2) Ngelompokake data kasebut miturut wernane basa lan variasi basa. (3) Ngandharake/deskripsikake lan ndudut saka asil analisis dhata.

BAB V PANUTUP

Ing bab lima iki, bakal kaandharake ngenani dudutan lan pamrayoga ngenani panliten wernane basa slang Panjak ing Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk, bakal diandharake ana ngisor iki.

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing bab papat, yen wernane basa slang Panjak ing Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk kaperang miturut wujud kang adhedhasar proses pambangune lan ragam basa panggunane, iku dijlentrehake kanthi gamblang ana bab sadurunge.

Adhedhasar andharan iku panulis awesh dudutan: ***Sepisan***, wujud basane kaperang dadi 5 (lima), yaiku: (1) Wujud Tembung Wanchan, (2) Wujud Tembung Plutan, (3) Wujud Wangsalan/Cangkriman?, (4) Wujud Singkatan, lan (5) Gabungan Maneka Warna Proses Pambangune Tembung. ***Kapindho***, ngenani pambangune wanda kaprinci dadi: Puncak Suku; Puncak Suku + Koda Suku; Tumpu Suku + Puncak Suku; Tumpu Suku + Puncak Suku + Koda Suku; Puncak Suku + Koda Suku + Puncak Suku; Ora Cetha Polane; lan Satembung Sapola. ***Katelu***, miturut ragam basa kang kagunakake, kaprinci dadi 2 (loro) yaiku ngenani: (1) Alih Kodhe lan (2) Campur Kodhe.

Panliten ngenani wernane basa slang Panjak ing Kecamatan Nganjuk Kabupaten Nganjuk iki isih akeh kang durung ditliti kanthi cetha. Kurange dhata ana panliten sing luwih jangkep lan sapanunggale nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panulis ngerti yen panliten iki akeh kurange, lan panulis nduweni pepenginan kanggo panliten sabanjure muga bisa luwih apik saka panliten iki, lan bisa kaandharake kanthi jangkep.

KAPUSTAKAN

Alwi, Hasan, dkk. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka

Antunsuhono.1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa (Perangan 1, cap-capan kaping pindho)*. Djokdja: Hien Hoo Sing

- Basir, Udjang Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik pengantar Tintingan tindak Berbahasa (konsep, teori, model pendekatan, dan fakta berbahasa)*. Surabaya: Press UNESA.
- Chaer, Abdul, Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Chaer, Abdul, Leonie Agustina. 1995. *Gramitika Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik*. Bandung: PT ERESCO
- Halliday, Ruqaiya Hasan. 1992. *Bahasa Konteks dan Teks*. Jakarta: Gajah Mada
- Kartomiharjo, S. 1987. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Keraf, Gorrys. 1997. *Komposisi, Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Jakarta: Nusa Indah
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- Kridalaksana, Harimurti. 1995. *Fungsi dan Sikap Bahasa*. Ende Flores: Nusa Indah
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada
- Moeliono, M. Anton. 1989. *Kembara Bahasa: Kumpulan Karangan Tersebar*. Jakarta: Gramedia
- Nababan, P. W. J. 1986. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia
- Pateda, Mansoer. 1990. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa
- Qarlina, Anita. 2011. *Ragam Slang Mahasiswa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya*. Skripsi Tidak diterbitkan. Surabaya: PBD FBS UNESA
- Samsuri. 1994. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga
- Santoso, Riyadi. 2003. *Semiotika Sosial*. Surabaya: JP Press
- Sudarmanto, Drs. 2011. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Semarang: Widya Karya
- Sudaryanto. 1992. *Metode Linguistik: Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sumarsono. 2004. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda
- Utomo, Sutrisno Sastro. 2009. *Kamus Lengkap Jawa-Indonesia*. Yogyakarta: Kanisius
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Bahasa*. Bandung: Angkasa
- Tarigan, Henry Guntur. 1990. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa